

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan anu kapaluruh dina struktur carita nyaéta kapanggih aya dua puluh opat fungsi tina tilu puluh fungsi, nyaéta: *Pelarangan (interdiction)*, *Pelanggaran (violation)*, *Tipu daya (fraud)*, *Kejahatan (villainy)*, *Mediasi (mediation)*, *Penutralan (tindakan)*, *dimulai (beginning contraction)*, *Kepergian (departure)*, *Fungsi pertama penolong/ donor (the first function of the donor)*, *Reaksi pahlawan (the hero's reaction)*, *Penerimaan unsur magis (provision or receipt of a magical agent)*, *Perpindahan tempat (spatial translocation)*, *Bertarung (struggle)*, *Penandaan (marking)*, *Kemenangan (victory)*, *Kebutuhan terpenuhi (the initial misfortune or lack is liquidated)*, *Kembali (return)*, *Pengejaran (pursuit)*, *Pertolongan (rescue)*, *Kedatangan tidak dikenal (unrecognized arrival)*, *Tidak bisa mengklaim (unfounded claims)*, *Tugas berat (the difficult task)*, *Solusi (solution)*, *Pengenalan pahlawan (recognition)*, *Pemaparan (exposure)*, *Perubahan rupa (transfiguration)*, *Hukuman (punishment)*, *Pernikahan (dan naik tahta) (wedding)*. Tujuh fungsi teu kapaluruh aya dina carita wayang lalakon “Semar Rarabi” nyaéta: *Ketidakhadiran (absentation)*, *Pengintaian (reconnaissance)*, *Penyampaian informasi (delivery)*, *Keterlibatan (complicity)*, *Perpindahan tempat (spatial translocation)*, *Hukuman (punishment)*.

Aspék sosial kabagi lima bagian nya éta aspék sosial atikan, aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial politik, jeung aspék sosial ékonomi. Hasil analisis aspék sosial dina carita wayang lalakon “Semar Rarabi” dumasar kana dialog tokohna nya éta 13 aspék sosial atikan, 3 aspék sosial agama, 6 aspék sosial moral, 5 aspék sosial politik, jeung 2 aspék sosial ékonomi.

Sanggeus ditalungtik, carita wayang lalakon “Semar Rarabi” téh bisa dijadikeun bahan pangajaran carita wayang kelas XII SMA sabab luyu jeung tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén-ajén pikeun kahirupan manusa, mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, aya gunana pikeun

ngawasa hiji paélmaan, sarta luyu jeung kabutuh siswa katut minat siswa (Haérudin, 2019, kc. 34).

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmaan struktural jeung aspék sosial dina karya sastra anu masih kénéh langka panalungtikanna utamana dina carita wayang. Salian ti éta, dipiharep bisa jadi référénsi pikeun bahan pangajaran Carita Wayang di kelas XII SMA.

5.3 Rékomendasi

Dumasar hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran atawa rékomendasi nu disusun ku panalungtik pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nya éta: 1) pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngagunakeun analisis struktur dina modél Vladimir Propp sangkan ngajembaran tur ngeuyeuban élmu ngeunaan analisis struktur Vladimir Propp, 2) pikeun guru dipihareup bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun bahan pangajaran Carita Wayang kelas XII SMA sangkan bsa ngarojong kana pnagajaran; 3) pikeun masarakat nu maca, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana élmu sastra Sunda hususna dina Carita Wayang.